| | | |
|---|---|---|
| **Рассмотрено на заседании методсовета Протокол № ______от «____»______2014** | **СОГЛАСОВАНО Заместитель директора по УВР ______________________ «____»______2014** | **УТВЕРЖДАЮ Директор школы В.И.Кабисова «____»______2014** |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**
**по учебному курсу «Осетинская литература »**
**9 класс**
**Базовый уровень**

**( 70 часов)**

подготовила
учитель
**Хубецова Э.Р.**

# ÆМБАРЫНГÆНÆН ФЫСТÆГ

9 -æм къласы ирон литературœйы Кусæн программæ цæттæгонд æрцыд Федералон паддзахадон ахуырадон стандарты домæнтæм гæсгæ. Программæ арæзт у Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæты бындурыл (сфидар сæ кодта Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады министрад, Дзæуджыхъæу, 2005).

Адœмы монон царды кœддœриддœр стыр ахадындзинад уыдис фольклор œмœ аив литературœйœн. Уыдоны нывœфтыд œрцыд сœ цард, сœ историйы ахсджиагдœр цаутœ, сœ зонадон фœлтœрддзинад. Уыдоны ис зонды суадон, ныхасы фидауц œмœ бœрзонд идейœтœ. Дзырдаивадœн йœ нысаниуœг фœуœлдœр ис нœ рœстœджы. Уый рœзгœ фœлтœры хъомыл кœны гуманизм œмœ граждайнаг идеалтыл, фидар кœны адœмы удварн, уымœй рœзынц монон œмœ культурон традицитœ. Уымœ гœсгœ скъолайы куысты ахъаззагдœр у литературœ ахуыр кœнын.

**Программæйы нысан:**

- ✓ Ирон литературœ ахуыр кæныны нысантæ æмæ фæстиуджытæ фæхуыздæр кæнын;
- ✓ ног ахуырадон стандартмæ гæсгæ астæуккаг скъолайы ирон литературœ ахуыр кæныны технологитæ ивд кæй цæуынц, уый хынцгæйæ ирон литературœйы уроктæм ивддзинæдтæ бахæссын;
- ✓ астæуккаг скъолайы ирон литературœ ахуыр кæныны ахадындзинад фæбæрзонддæр кæнын.

**Программæйы мидис:**

Астœуккаг кълœсты программон œрмœг лœвœрд цœуы куыдфœстœмœ вазыгджындœр кœнгœйœ. Æвзœрст œрцыдис, ахъаззаг идейон, аивадон œмœ хъомыладон ахадындзинад кœмœн ис, ахœм уацмыстœ. Сœ фылдœр хай фœлвœрд у практикœйœ – уыдон сты Нарты кадджытœ, таурœгътœ, аргъœуттœ, зарджытœ, ирон классиктœ. Парахат бынат дзы ис ирон фысджыты ног фœлтœрœн дœр. Ис дзы бœрцœй œндœр адœмты дзырдаивады уацмыстœй дœр.

Афтœмœй ирон скъоладзаутœ зонгœ кœнынц œппœтдунеон аивадон хœзнатимœ œмхиц кœнынц литературœ кœсынмœ.

Программон œрмœг ахъаз уыдзœн:

- ✓ ахуырдзауты дунеуынынад уœрœх кœнынœн;
- ✓ зонгœ кœндзысты адœмы цард œмœ историон цаутœ, адœмы œгъдœуттœ œмœ удварны традицитœ, кад œмœ намысы хъуыддœгтимœ;

- ✓ фадат дœтты œмœ домы скъоладзауты аив кœсын, нывыл дзурын, раст œмœ аив фыссын сахуыр кœнынœн;
- ✓ программœ нысан кœны, литературœйы теорийœ ахуырдзаутœ хъуымœ цы ног зонындзинœдтœ райсой, уыдон;
- ✓ алы къласœн дœр бœрœггонд цœуынц, скъоладзаутœ наизусть цы тексттœ хъуамœ зоной, уыдон;
- ✓ программœ домы зынгœдœр фысджыты биографитœ œмœ се сфœлдыстады сœйрагдœр œууœлтœ ахуыр кœнын;
- ✓ уацмыс ахуыр кœнгœйœ, œвзаргœйœ, уымœн йœ мидис œмœ йœ формœйы иудзинад хынцын;
- ✓ литературœйы теории œмœ эстетикон бœлвырд зонындзинœдтœ раттын.

Ранымад зонындзинæдтæй уæлдай ма программæйы бæрæггонд цæуынц, алкœй сфœлдыстадмœ дœр амынд зонадон – критикон литературœ.

**9-æм къласы Ирон литературœйы Кусæн программæйы структурæ:**

9 -æм къласы ирон литературœйы кусæн программæ арæзт у системондзинад æмæ наукондзинады принциптыл. Программæйы хъусдард цыд, цæмæй йæ домæнтæ ахуыргæнджытæн уой æнцон баххæстгæнæн, цы æмбарынæдтæ дзы амынд цæуы, уыдон та скъоладзаутæн – æнцон бамбарæн.

Программæйы æрмæджы равæрд у ахæм: разныхас, 19 œнусы œмœ 20 œнусы райдиан ирон литературœ.

Ныхасы рæзтыл куыстœн прогаммœйы ис œрмœг, кœцы скъоладзауты цœттœ кœны фысгœ куыстытœм, алыхуызон равдыстытœм.

Программæйы бæррæггонд æрцыд ахуыры азы сахæтты нымæц, алы темæйæн дæр дзы цас лæвæрд цæуы, уый.

**Кусæн программæйы нысан æмæ хæстæ**

**Программæйы сæйраг нысан:** ахуырадон предмет «Ирон литературœ» 9 -æм къласы ахуырдзаутæн дæтты зонындзинæдтæ сæ ирон аивадон литературœйы тыххæй, рæзын сын кæны сæ литературон зонындзинœдтœ æмæ ныхасы арæхстдзинæдтæ. 9 -æм къласы Кусæн программæйы нысан у: ахуырдзауты аив литературон œвзагыл фœцалх кœнын, .

Программæйы сæйрагдæрыл нымад цæуы ***литературон*** æмæ сфœлдыстадоны, ***коммуникативон*** компетенцитæ (арæхстдзинæдтæ), ***культурœамонынады*** *(культуроведческая)* компетенци рæзын кæнын.

*Литературон œмœ сфœлдыстадон (компетенци)* – зонын литературон бындуртæ, ирон литературон æвзаджы нормæтæ; бакусын дзырдуат хъæздыг кæныныл.

*Коммуникативон компетенци* (арæхстдзинад) амоны, цæмæй скъоладзаутæ арæхсой ныхасы хуызтæй (дзургæ, фысгæ, хъусгæ) пайда кæнынмæ, ныхасы уавæртæм гæсгæ арæхсой сæ ныхас аразынмæ.

*Культурæамонынады (культуроведческая) компетенци* – ирон æвзаг œмœ литературœ, ирон адæмы культурæимæ зонгæ кæныны фæрæз кæй у, уый æнкъарын; литературœйы бастдзинæдтæ истори æмæ адæмы культурæимæ, ирон ныхасы этикетон нормæтæ зонын, пайда кæнынмæ сæ арæхсын.

***Иумœйагœй ахуырадон предмет «Ирон литературœйы » сœйраг хœстœ сты:***

- ахуырты скъоладзаутимæ хъомыладон куыст кæнын;
- логикон хъуыдыкæнынады рæзтыл кусын;
- скъоладзауты фæцалх кæнын хиуыл кусыныл, ирон литературœ хибарæй ахуыр кæныныл;
- иумæйаг ахуырадон арæхстдзинæдтæ рæзыныл куыст (удгоймагон, регулятивон, зонындзинæдтæ исыны (познавательный), коммуникативон).

**Предметы хицæндзинад:**

***Ирон литературœ*** у ирон адæмы уд æмæ зонд, ирон адæмы культурæйы хæзнадон; ирон литературœ у ныхас кæныны, хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз, нæ адæмы царды тыххæй зонындзинæдтæ кæрæдзийæн дæттыны фæрæз. Ранымад уавæртæ амонынц предметы хицæндзинад: ирон литературœ хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр кæны скъоладзауты миддуне, сæ дунембарынад; ирон литературœйы фæрцы сывæллæттæ базонгæ уыдзысты сæ рагфыдæлты историимæ, нæ адæмы культурæ æмæ царды уагимæ.

Литературœ канд хъуыдытæ æргом кæныны фæрæз нæу, литературœ у хъомылады хотых, æмæ уымæ гæсгæ ирон литературœйы ахуыртæн скъолайы ис стыр ахадындзинад.

**Ахуырты рæстæг пайдагонд цæуы ахæм ахуырадон технологитæй:**

- ✓ скъоладзаутæм индивидуалон цæстæй кæсыны технологи (дифференциаци);
- ✓ проблемон ахуыртæ;
- ✓ информацион-коммуникативон технологи;
- ✓ æнæниздзинад хъахъхъæныны технологи;
- ✓ бæрæггæнæнты инновацион системæ, «портфолио»;
- ✓ коллективон куысты хуызтæ (къæйттæй куыст, къордты куыст);
- ✓ проектон-иртасæн технологи.

### *Кусæн программæмæмæ  хаст  ивддзинæдтæ*

Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуырадон программæты (Дзæуджыхъæу, «Ир», 2005 аз) 9 -æм къласы ирон литературœ ахуыр кæнынæн лæвæрд цæуы 70 сахаты, къуыри 2 хатты

Нæ Кусæн программæйы дæр лæвæрд цæуы ацы сахæтты нымæц.

Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуырадон программæимæ абаргæйæ, 9 -æм къласы Кусæн программæмæ ивддзинœдтœ хаст не 'рцыдысты.

Стандартмæ гæсгæ, ахуыргæнæджы бон у программæмæ ивддзинæдтæ бахæссын, зæгъæм, кæцыдæр темæтæн фылдæр кæнæ къаддæр сахæттæ раттын (ацы хъуыддаг аразгæ у скъоладзауты цæттæдзинадæй), ныхасы рæзтæн фылдæр сахæттæ рахицæн кæнын, куысты хуызтæ аивын.

Ранымад уавæртæ зæрдыл даргæйæ, 9 -æм къласы ирон æвзаджы Кусæн программæйы æрмæг темæтæм гæсгæ лæвæрд цæуы афтæ:

| *Программæйы мидис* | *Сахæтты нымæц 2005 азы фидаргонд Ирон æвзаджы ахуырадон программæйы* | *Сахæтты нымæц Кусæн программæйы* |
|---|---|---|
| Разныхас | 1 сах. | 1 сах. |
| Ирон литературæ 19 æнусы | 30 сах. | 37 сах. |
| Ирон литературæ 20 æнусы райдайæн. | 28 сах. | 33 сах. |
| Рацыд æрмæгæн | сах. | 1 сах. |
| Æдæппæт | 70 сахаты | 70сах. |
| | | |
| | | |
| | | |

### *9 -æм къласы Кусæн программæйы нысантæ æмæ хæстæ баххæст кæнынæн ахуырты рæстæг пайдагонд цæудзæн ахæм ахуырадон фæрæзтæй*

**Ахуыргæнæн чиныг:** «Ирон литературœйы чиныг 9 -æм къласæн». Автор: Дзасохты Ф. , Дзæуджыхъæу, «Ир», 2013.
**Ахуыргæнæн уæлæмхасæн æрмæг скъоладзаутæн:** «Уœлœмхасœн œрмœг». Автор: Уалыты Т. И., Дзæуджыхъæу, 2011.

**Кусæн программæ арæзт у 70 сахатæн,** къуыри – 2 сахаты.

Сочинени: 8
Гом уроктæ: 2
Тестытимæ куыст: 2

**Ахуырты (урокты) хуызтæ:**

Ног æрмæг амоныны урок, рацыд æрмæг (зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ) бафидар кæныны урок, комбинарон урок, урок-беседæ, фæлхат кæныны урок, урок-лекци, урок-хъазт, урок-иртасæн, урок-практикум, ныхасы рæзтыл кусыны урок.

**Ахуырты пайда кæнæн ис ахæм методтæй æмæ мадзæлттæй:**

- рацыд æрмæджы фæдыл беседæ;
- индивидуалон бафарст;
- фронталон бафарст;
- индивидуалон куысты хуызтæ;
- кæрæдзийы куыстыты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын;
- хи куысты хæрзхъæддзинад бæрæг кæнын (дзырдуатæ, бæрæгуатæй пайда кæнгæйæ);
- презентаци (компьютерон дæр) цæттæ кæныныл куыст;
- текстимæ куыст: тексты анализ, текст рацаразыныл куыст æмæ а.д.;
- алыхуызон жанрты æмæ функционалон хуызты текcттæ аразын;
- искæй ныхасмæ хъус дарын, искæй ныхасы анализ (ахуыргæнæджы хæсмæ гæсгæ);
- изложенитæ фыссын
- сочиненитæ фыссын;
- уацмысты мидис фœрстытœм гœсгœ œвзарын.
- фыссœджы цард œмœ сфœлдыстады тыххœй цыбырœй радзурын;
- эпикон уацмысы аивадон нывœст иртасын. Йœ архайджытœн характеристикœ дœттын.

- уацмысы кœнœ йœ геройты тыххœй хи хъуыдытœ зœгъын;

- цы базыдтой, уый фысгœ куысты равдисын;

- лœвœрд темœйыл раныхас кœнын;

- фысгœ куыстœн пълан саразын;

- уацмысœн цы иумœйаг идейон œмœ этикон ахадындзинад ис, уый тыххœй цыбыр дзуапп дœттын.

***Ахуырдзауты архæйдтытæ урочы:***

- хи æмæ искæй ныхасы анализ, ныхасы рæдыдтытæ раст кæнынил куыст;

- тексты лингвистикон анализ;

- фысгæ æмæ дзургæ ныхасы анализ: йæ хъæндзинæдтæ сбæрæг кæнын, хъæугæ информаци ма йæм бафтауын, текст фæхъæздыгдæр кæнын æмæ а.д.;

- текстæн пълан аразынил куыст;

- пъланмæ гæсгæ текст хи ныхæстæй радзурын;

- текст кæронмæ ахæццæ кæнын;

- тексты рæдыдтытæ сраст кæнын;

- ног текст аразынил куыст;

- диалогон ныхасы архайын;

- аудировани (текстмæ хъусын, алыхуызон текстты информаци иртасын, тексты хъуыды раст æмбарын, хъуыдытæ кæрæдзиуыл логикон æгъдауæй бæттын зонын;

- фысгæ ныхас (текст) аразын зонын, хи хъуыдытæ фысгæ ныхасы хуызы раргом кæнынмæ арæхсын;

- темæмæ гæсгæ æнцойгæнæн схемæтæ æмæ таблицæтæ цæттæ кæнын;

- ахуырадон-наукон текстимæ кусын, уæлæмхасæн литературæйæ хъæугæ æрмæг æвзарын, газетты æмæ жкрналты æрмæгимæ кусын, компьютерон дисктимæ кусын, интернеты æрмæгимæ кусын;

- дзырдуæттимæ кусын, хи дзырдуат саразынил куыст;

- компьютерон презентацитæ цæттæ кæнынил куыст;

- «портфолио» цæттæ кæнынил куыст.

***9 -æм къласы ахуырдзауты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ бæрæггæнæн куыстытæ:***

- тестытæ;
- изложенитœ;
- лæвæрд темæйыл таурæгъон сочинени фыссын;
- проблемон фарстæн фысгæ дзуапп рдæттын;
- нывмæ гæсгæ сочинени;
- цардæй ист цауы тыххæй  дзурын,
- предметы æрфыст  цæттæ кæнын;
- аив литературон ирон œвзагыл дзурын.

**Рацыд æрмæгæй зонындзинæдтæ сбæрæг кæныны куысты хуыз:**

- тест;
- сочинени;

## *Домœнтœ.*

### *Сœйраг домœнтœ 9  – къласы ахуырдзаутœм.*

### *Ахуырдзаутœ хъуамœ зоной:*

- уацмысы мидис, текст;
- уацмысы темœ œмœ сœйраг хъуыды, йœ сюжет, йœ архайджыты фœлгонц; аивадон фœлгонц œмœ йœ аразœн фœрœзтœ; уацмысы композицион арœзт, йœ аивадон фœрœзтœ, йе 'взаджы œуусœлтœ;
- наизусть ахуыр   цы тексттœ лœвœрд цœуы, уыдон;
- литературон терминтœ, сœ нысаниуœг;
- эпикон, лирикон œмœ драмон уацмыстœ кœрœдзийœ цœмœй хицœн кœнынц, уый иртасын;
- авторы ахаст цаутœм œмœ геройтœм;
- дзырдуаты цы дзырдтœ фыст œрцыд, уыдонœн сœ мидис, уыдонœй ныхасы œмœ фысгœ куысты пайда кœнын;
- уацмысы тыххœй раныхас кœнын, кœнœ сочинени ныффыссын;
- сœ хъуыдытœрадзурын œмœ ныффыссын;
- цы федтой, уый тыххœй радзурын, ныффыссын;
- чингуыты цы фиппаинœгтœ œмœ амындтытœ ис, уыдонœй пайда кœнын;
- литературœ œмœ аивад царды цы ахъаз сты, уый иртасын.